**दिन–मंगलवार** **दिनांक–30.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

कृषि आओर किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि जे संसद वर्तमान अवश्यकता सभकँ ध्यान मे रखैत **विकसित भारत–जी राम जी** विधेयक पारित कयलक अछि। श्री चौहान भोपाल मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे जी राम जी विधेयक के उद्देश्य मनरेगा योजनाक कमी कँ दूर करब अछि। विपक्षी के योजनाक नाम बदलबाक आरोप पर ओ कहलनि जे अतित मे सेहो विपक्षी दल सत्ता मे रहैत रोजगार संबंधि योजना सभक नाम कतेको बेर बदलने छल। श्री चौहान कहलनि जे विकसित भारत जी राम जी योजना कँ आओर अधिक प्रभावी बनेबाक लेल प्रधानमंत्रीक गतिशक्ति पहल सँ जोड़ल गेल अछि। ओ कहलनि जे एहि मिशन मे बेरोजगारी भत्ताक लेल स्पष्ट प्रावधान शामिल अछि आओर अधिनियम के तहत आवश्यक वित्तिय व्यवस्था सुनिश्चित कयल गेल अछि।

---

परिवहन मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे काल्हि वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के माध्यम सँ राज्य मे ड्राइविंग लाईसेंस सँ संबंधित सभ लंबित मामिलाक निपटारा कयल जायत। आकाशवाणी समाचार सँ गपशप करैत श्री कुमार कहलनि जे जिला स्तर पर कैंप लगा के करीब सवा दू लाख वाहन निबंधन आओर चालक लाईसेंसक मामिला निपटाओल जायत। ओ जनौलनि जे ओ स्वयं एहि पूरा प्रक्रियाक निगरानी करताह।

---

केन्द्रीय चयन परिषद, बिहार पुलिस चालक सिपाही भर्ती परीक्षाक परिणाम जारी कऽ देल गेल अछि। चारि हजार तीन सय एकसठि पदक लेल दस दिसंबर दू हजार पच्चीस कँ आयोजित लिखित परीक्षा मे पंद्रह हजार पांच सय सोलह अभ्यर्थी सफल भेल छथि। एहि मे चारि सय एकसठि महिला आओर एकटा ट्रांसजेंडर अभ्यर्थी शामिल छथि। परिणाम पर्षदक अधिकारी वेबसाईट सीएसबीसी डॉट बिहार डॉट जीओवी डॉट इन पर सेहो देखल जा सकैत अछि। एकर बाद शारीरिक दक्षता परीक्षाक आधार पर अंतिम रूप सँ अभ्यर्थी सभक चयन कयल जायत।

———————————————————————————

राज्य सरकार भारतीय प्रशासनिक सेवाक कतेको वरिष्ठ अधिकारी सभकेँ बदली कऽ देलक अछि। सामान्य प्रशासन विभागक अधिसूचनाक अनुसार एन. विजय लक्ष्मी केँ **बिहार राज्य योजना परिषदक** सचिव बनाओल गेल अछि। ओतहि, शीर्षत कपित अशोक केँ पशु एवं मत्स्य संसाधन विभाग, के. सेंथिल कुमार केँ गन्ना उद्योग विभाग, पंकज कुमार केँ ग्रामीण विकास विभाग, नर्मदेश्वर लाल केँ कृषि विभाग आओर विजय कुमार केँ नगर विकास एवं आवास विभाग मे सचिव पदक जिम्मेदारी देल गेल अछि। एम्हर, एकटा अहम फैसला मे वरिष्ठ आईएएस अधिकारी संजीव हंसक निलंबन समाप्त कऽ हुनका राजस्व परिषदक सदस्य नियुक्त कयल गेल अछि। एहिक संग कतेको अधिकारी सभकेँ विभिन्न प्रमंडल मे आयुक्तक कार्यभार देल गेल अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अगिला वर्ष जनवरी मे परीक्षा पर चर्चा कार्यक्रमक नवम् कड़ी मे छात्र, शिक्षक आओर अभिभावक सभ सँ संवाद करताह। एहिक लेल अखन धरि **दू करोड़ बानवे लाख** सँ बेसी छात्र, शिक्षक आओर अभिभावक सभ पंजीकरण करौलनि अछि। प्रेरक कार्यक्रम परीक्षा पर चर्चाक बीच देश–विदेशक कक्षा छओ सँ बारह धरिक विद्यार्थी, अभिभावक, शिक्षक प्रधानमंत्री सँ परीक्षाक तनाव पर चर्चा करताह। कार्यक्रम मे शामिल होयबाक लेल एगारह जनवरी धरि माई जीओवी प्लेटफॉर्म पर पंजीकरण कराओल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे कड़गर ठंढ़ सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि। ओतहि, कतेको स्थान पर घनगर कुहेसक कारण रेल, सड़क आओर हवाई यातायात पर सेहो असरि पड़ल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे चारि जनवरी धरि ऐहेने स्थिति बनल रहत। विभाग समस्तिपुर, मधेपूरा, सहरसा, किशनगंज आ अररिया समेत राज्यक चौबीस जिला मे शीत दिवसक अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्व, उत्तर–पश्चिम भाग मे कतेको ठाम घनगर कुहेस लागल रहबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

सुपौल स्थित एसएसबी के पैंतालीसवीं वाहिनी आइ वीरपुर आओर आन सीमा चौकी पर वंदे मातरम् आओर तिरंगा साईकिल रैली निकाललक। एहि माध्यम सँ देशभक्ति, राष्ट्रीय एकता आओर नागरिक जागरूकताक संदेश देल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त